Соколёнок

1/2016
январь - февраль

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



## МухIамад Гунашевас тIубалалан 80 сон

# РАХЬАДАЛ МАЦI



Бокьараб мацIалда кIалъананиги,
КIалтIу рагьулеб гьелъ гьудуллъиялде.
Гьуинаб каламалъ керен чучизе
Кверги ккун рачунел нилъ гIадамахъе.
Амма рахьдал мацIалъ цIар ахIулаго,
ЦIорорал мугIрузда гIазу биуна.
ГIолилал гьимани, гьеб мацIалъ кIалъан,
КIанцIула гIазулъан гIищкъуялъул тIегь.
Гьеб мацIалъ хварасухъ магIу гьабуни,
МагIил цIола берал бахIаразулги,
Берталъ гьеб мацIалда кечI ахIанани,
Каранда кьурдула ракI херасулги.
Дир лъаразул чили, чундузул гарагар,
Чвахулеб гIоралъул гIищкъул накаби,
Адабияталъул устарзабаца
Улка дунялалъе рагьараб горду.
Миллаталъул чIухIи, мугIрузул бухIи,
Цо дур каламалъул киб бугеб багьа.
Кицабаз кенчIолеб дир каранзул зоб,
Зодихъ цIваби щайзе, мун гьечIонани.
Дир зодил бацIцIалъи, цIумазул угьди,
ЦIвабзазде угьулеб эбелалъул кечI.
Эбел хун, бесдаллъи мех бан кIочани,
Мун кIочон тей гурищ кIудаб бесдаллъи.

# Чадин хIакъалъулъ кечI

«ЧIегIераб» чедилан абулеб мехалъ,
ЧIегIерлъун уна дий хъахIаб дуниял.
ЧIухIи кванда аскIоб, нагагь бихьани,
Каранда унтула дол арал къоял.
Комбайн бачинчIев, кутнал гIоркь кквечIев
ЧIукIнаяс букIуна тIагIам какулеб.
ТIор бижулеб хурул рагIалде къачIей
Рокъоберциница кьола боцIуй чед.
Цин чед къотIилалде къиса цIале цо,
Къваридал соназул – нилъер халкъалъул.
«Къали бачIунареб хурул рагIалда
ГIодилаго арал сардал-къоязул».
Сундул бицун бугеб Таняца хъвараб
Ленинградалъул дневникалда?
Дуда чедги лъала, чагIиги лъала,
Цо гьелъул тIанчазде тIаде къулани.
Генераласул чин гьечIонаниги,
Честь кквезе бегьула хурухъанасе,
Ханзабазе бутIрул къуличIониги,
Къулизе рекъола ролъул тIоралъе.

# ГьитIинай ГIайшатиде

Барка, барка гьитIинкIай
КIудияб дурго рохел,
Рохел дагьаб дуниял
ЦIехон тIаде ячIарай.
КIицIул ячIананиги,
КIудияб заман бачIей,
Лъабабизе ячIарай
Лъайги нусго соналда.
Лъарал цIорокь рукIаго
АхIдараб ихдалил хIинчI
Ургъалил гIузру унеб
ГIасрудал нур батаги.

ГIумру гIала-гъважаяб
Заманаялъул чапар
Чилъиялъул баракат
Босун щварай ятаги.
БитIун цIар лъурай гIадан
ЩIакъ хIеренай лъугьаги,
ЦIар кибго машгьурлъарал
Вацазул яц ятаги.
Гьей дур хIасратай баба –
Дирги эбелги ясги
Элъул ракI чIаголъизе
ЧIаго-гIатIго хутIаги.

Гарип Расулов

# Рагъ тIаде щун буго



ГIасияб кьвагьи-гIанхъиялъул сасаз, кара биххун, ворчIизавуна дун цудунго. КIвекIулаго бералгун гордухъе валагьана. Щибаб къойилго гIадин ихдалил бакъул чIорал ругоан бацIцIадаб цIерда тIад гогьдарилел. Гьелъул пикру цо параялъго къулчIулеб букIана гIадамазул гьаркьацаги, гьоркьоса лахIзат биччалареб кьвагьдеялъги.

- Унго, гьанже рагъ нижехъейищ щвараб? – илан ургъелазда дун кIвахIалго мангиялдаса гъоркье хъурщана, – гьанив дун тушманасда ватизе гьечIо.

Рагъул кьвагьи дагьлъулеб букIинчIо. Заманалдасан кодоб рахьдал хъабагун рокъое лъугьун ячIана эбел.

- Мун кив вугев? – ан разиго ахIана гьелъ.

- Эбел, тушбаби гIагарлъун ругищ?

- Кинал тушбаби? – абун хIикмалъана гьей. – Рагъ лъугIиялъул байрам буго гьеб.

Нижер минаялда аскIоб бугеб милициялъул тIохдеги рахун гьаваялде рохалил ругьелел ритIулел рукIун руго милициялъулал. ИчIго сон барав дида рагъ росулъе щванин ккун букIана.

# ЧIобого кванараб квен

Дир гIелалъул гьудулзабигун тира-сверулел рукIарал ниж цин-даго ккуна.

- Гьав кIиявгоги ваче. Гьелги ра-чун мун дове а, — абун буюрухъал кьолев вукIана нижеда лъаларев цо хIаким.

- ГьабсагIат тIубала дица дур амру, ИсмагIил, - илан мутIигIго гьесдехунги абун, гьес ниж больни-цаялдехун ралагьун рачана. Нижер пикрабазулъ бухъардана уколазул хIунси. Нижеца хIаракат бахъулеб букIана гьесухъаги рорчIун тIуризе. Амма гьесул чIахIиял цIул гIадал кверазукьа ниж рорчIинчIо. Гьес ниж больницаялда аскIоб букIараб гIадамал кваналеб рокъоре рачана ва столалда нахъа хъуй-хъаялъулъ ругел лъималазда гьоркьор гIодор чIезаруна.

- Хириял лъимал, нилъер районалъ нужее, фронтовика-зул лъималазе сайигъат гьабу-леб буго, бергьенлъиялъул къо-ялъул хIурматалда къадеквен. ХIалаллъаги нужее гьеб, рагъухъа-базул ирсилал.

Дица гIумруялда жаниб гьелдаса гьуинаб квен кванан батиларо.






Школалдеги хьвадичIев, хъвай-цIали, хIисаб-рикIкIен, жубай-бахъиги лъаларев чи вукIун вуго. Ун вуго гьев гIи-цIцIани ричулел ругилан рагIун, цоги росулъе, гьел росизе.

Гьеб букIун буго гIабсиде гIака босизе щолеб заман.

-Гьадаб дегIен кигIиналде? – абун гьикъун буго гьес, гIиял бетIергьанасда, цо бищунго берцинаб, гурги-шушинаб дегIенги рехъалъа бищун.

- БатIалъи гьечIо, цересан, щу-щу гъурщиде цо-цо дегIен, - илан абун буго цIанавехьас.

- Гьабги, гьабги, гьабцоябги,.. – абун щуго дегIен жиндиего тIаса бищун буго гьас, ва рачIа, даран гьабизе абун, чвантиниса гIарац къватIибе бахъун буго.

- Къоло щуго гъурущ кколаха, гьудулавчи , - ян абун буго гIи бичулес босулесдехун.

- Къоло щуго, моло щуго абун, гьеб дуца бицунеб мацI дида лъалар-ро. Дица дуе цо-цоккун щу-щу гъурущ кьела, дуца цо-цоккун цо-цо дегIен диеги кьела, - абун чIанила восаризе вачIарав.

- ЩуцIул щуго чанха кколеб? – ан гьикъун буго, цIанавехьас, гьи-мулаго.

- ЩуцIул щибалиго дида лъаларин гурищ дун дуда абулев? Лълъар ккун дегIен дуца дие кьела, щуго гъурущ дица дуе кьела. Щибаб дегIен рикIкIун духъе щуго гъурущги кьун, дунги ина, мунги тела дурго хутIарал дугIби ричулев. Гьедин данде кколищ дуе? – ян гьикъун буго гьес.

-Гьайгьай,дандеккола,хIалчIахъад, баче дурго лълъар ккун дегIен, кье дихъе щуго гъурущги, - ян разилъун вуго цIанавехь, батIайиса гьесда лъалеб гьечIолъиги бичIчIун, киниса кьуниги гьеб цого къадаралъул гIарац кколилан пикруги гьабун.






Расандулел рукIарал лъимал, инсуца, жиндихъего ахIула:

- ХIисабалъе бищун лъикIав щив нужеда гьоркьоса? — ян гьикъула.

- Дун!

- Дун! — абун, цере-цере кIанцIун, жалго рецциве лъугьуна лъимал.

- Батани, бицеха, лъида лъалеб, щ...ччунцIунцо чам кколебали? — ян гьикъула гьес.

- Щуго!

- Щугоха! — ян цадахъго жаваб гьабуна лъималаз.

- Гуребха, гьудулзаби, цо бихьизецин, гуреб. Кин гьеб щуго букIунеб, щ..ччуцIунцо?

- У, валлагьха, дада. Гуреб батани, балагьеха хIисабалъул тIехьалде яги тетрадалъул ахираб тIамчида бугеб кьабиялъул таблицаялде.

- Гьенибали гьеб хъванго букIунаро, - ян тIирун чIчIана эмен.

Лъималазе кеп щвана.

Цоязда лъана гьел ралъаргъунел рукIин. Цогиял инсуда кьаби-бикьи лъалеб гьечIилан ккун, гьимана. Лъабабилез гьесда, нахъеги добго масъала кьеян гьарана. ЧанцIул гьикъаниги, лъималаз добго «щуйил» тарихалдалъун жаваб гьабуна.

- Цониги вукIун гьечIогури нужеда гьоркьов кьабиялъул дарс лъазабурав чи. Нужее киназего кIийилал ратизе руго. Гуреб батани, гьединаб жаваб кьуралъухъ, кингIаги учителас лъикIаб къимат лъолеб? Пайда щибха, дун вукIине кколаан нужер учитель, дица цо течIого кIийил лъелаан нужее, — абун, гьимиги бахчулаго, абула инсуца.

-МухIамад-даци,чамгIагихаккoлеб, дур хIисабалда, щуцIул щуго? — ян гьикъана, дагьавго нечарав гIадинги лъугьун, Зайдиница.

- Цо ккола! — ян абуна инсуца.

-Кколеббатила,-абунлъугьана,гьесда гьедигIан бигьаяб хIисабгIагидай лъаларебилан, щаклъарав ТIайгиб.

Кколарилан абулеб гIадин, цо-цояз гьесие бетIер кIибикIун, жаваб гьабуна.

- Ччузеги ччун цо гел ялъуни къали,



сахI – бокьараб жо цо нухалъ цIуни, чанха букIине кколеб? – абун мухIкан гьабуна инсуца гьабнухалъ, жинцаго сихIирго кьун букIараб суал.

- Гьа-а-а-а! – абун, рекIеда ратана лъимал, инсуца «чч-ги» «щ-ги» цого гIарп гIадин гьикъиялъ, гьелъул пикру гьабизе лъачIилан, мукIурлъун.

# ГIаздалъищ, ханждалъищ?



- ГIазул гаралги зарукь къан, хинлъизарун, къецбан, дагьдагьккун гьел риинарулел рукIана ГIисаги Салманги.

ГIисаца, цо-цо тIаде хIухьелги пун, цIакъго кверал цIоролел рукIиндал, гIазу хехго биинабизе хIаракат бахъулеб букIана. Гьесул ботIролъе бачIана гьадинаб пикру:

- Салман, ва Салман, гIазул гъонода гъорлъги лъун, тамихI гьабизейин дуе бокьилеб, ханждал хъапинивги къазавунищ? – ан гьикъана гьес, гьудуласдехун вуссун.

- Ханждалъго хингогIаги вукIинарищха, ГIиса, хъатикь ккун гIаздал къайи биинегIанцин, гьадин квачалел ругел нилъеца, гIазул гъуни биинегIан яхIгIаги киндай гьабизе бугеб? – илан абуна гьес, гIакъилаб жаваб кьолеб бугеб гIадин, ракIчIун.

- Мекъи вуго мун. Ханждада гъорлъ лъуни, хIухьел цIанщинахъе, щокъроб гьебги речIчIун, гъангъизе ватилагури. ГIаздада гъорлъ лъунийин абуни, хIухьел биччанщинахъе, биун гIазуги ун, чIагогIаги хутIизе бегьулагури?

- ГIазу биинегIан, гIуничIого, чIаго хутIани, ворчIизеги бегьула мун хвечIого. Цониги лъикI гуро... Гьединаб тамихI гьабизе диени бокьиларо, - абун вахъана Салман, дагьавги ургъизегIанги чIун.

# Дун бакъгун барщун йиго



Дун бакъгун барщун йиго,
Лъалищ, лъимал, нужеда.
Гордухъан баккун бачІун,
Гьелъ дир макьу бикъана.

Рогьиналде, бачІун гьелъ,
Дун йорчІизе гьаюла,
Ясли-ахалде ине
КъачІаян лъазабула.

Дур кІодолъи щибилан,
Белъанхъизе лъугьуна.
Юргъаналъукь яхчарай
Дида чІорал речІчІула.

Цинги дие хІалае
НакІкІ бекерун бачІана,
Гордунисан баккараб
Бакъ нахъе бачахъана.

Бакъ дунгун барщун буго,
ТІокІаб бачІунеб гьечІо,
Щибдай дица гьабила
Гьебгун рекъезе ккани.

Бабае кумекалъе
Хехго тІаде яхъина,
Партал дицаго ретІун,
Ясли-ахалде ина.

ЩІакъ бокьун буго, лъимал,
Дие бакъгун рекъезе,
Гьелъул меседил чІораз
Дир кІаркьаби лъухьизе.

Лъица кумек гьабилеб,
НакІкІ нахъе бачахъизе?
ЩІидасан бакъ гьимизе
Бокьун бугеб куц дие.

Цинги бакъул чІоразда
Йоржина дун зодое,
Жибго бакъги къвалакь ккун,
Щвела дун нуралъухъе.

Дун бакъгун барщун йиго,
Бакъ дунгун барщун йиго,
Унгоха, цо гьадаб накІкІ,
Ниж барщизе гьарураб.

# Расулги иццикоги

**Расулги иццикоги – кIиялго расандана,
Расулил расал лъухьун, гьелъ рекIелгъей гьабуна.
РачIчIги ккун Расулица ицци гIодизабуна,
«Мявиланги» ахIун, гьеб лъутун ана аскIоса.**

**Иццикоги Расулги цIидасан расандана,
Иццикое кечI гьанже Расулица ахIана.
Киданиги рагIичIеб «ВагIилан» абураб кечI
РагIараб аб иццико хIикматго гIенеккана.**

**Иццико, хехго бачIа Расулгун басандизе,
Гьанжесаги гьесие дурго маргьа бицине.
Цадахъ кучIдул ахIизе, ракIгъезе расандизе,
Цоцазул квералги ккун, тира-сверизе ине.**

**Кинидаса вахъиндал, Расулил кечI лъугIана,
Гьабго щиб хIикматилан, ицци гIенеккун чIана.
Расулил – «вагI», иццил – «мяв»
Цо кучIдузул хIайранлъи!**



# Гьудуллъиялъул адабият

## Кваналарев квешав вас

Суньяньат Малаева
(лъарагIазул шагIир)



ГIорцIизегIан кваначIо,
ЧIалгIана гьав бабада,
КIудиявги гIела ав,
Лагикъавгин хIалакъав.
Гьес цогIаги нухалда
Ахикьа йиссунелъул,
«Дуй  щиб кумек гьабилеб?»
АбичIо эбелалда.
Сордо - къоялъ кIанцIола,
Гьав гIодов кIусуларо.
«ГIела!» - ахIулей эбел,
ГIодилеб къо чIун йиго,
Гьав жеги цIакъ кIанцIола,
Гордухъе баккун  бугеб
МоцIротIе гIунтIиледухъ,
Гьасул гьаркьахъ гIенеккун,
Ккела чемпионилан,
ДагIбади-семиялъулъ
Гьасде вахунев гьечIо.
Кваназе кIолебани,
КIвелаан щибго гьасда.
Амма жакъаги гьале
Кванан лъугIун гьечIеб квен,
ЧIалгIана ав бабада.

# МоцI кквезе анищалда



Гъаб сардил гIужалъ моцIрол
ЦIубайги гъайбатлъиги,
ТIолго зодилгун сардил
Берцинлъидул хъаравул.
ГъацIул гIадаб тIогьиллъи
Лъедола борхалъуда,
Меседил болъодухъан
БачIун рештIуна гIодой.
Лъарамухъда хъештIола,
ЦIвакараб лъадал тIинда.
МахIач хIайранго вуго,
МоцI рокъобе босизе,
«КIваричIинха, бихьилин,
ЛъикIго бералги кIвекIун,
Рогьиналде кквелебин»
Божун вуго жиндаго.
Гъел анищазда вукIун,
Вахъана хъахIлъибавулъ,
Амма зодоб гъечIо моцI,
КибгIаги доб бахчараб?!
- Бахчуге, бакке цебе, -
Абун ахIдола МахIач, -
Бахчуге, гъумерберцин,
Цинги, гIанабибагIар!
Амма моцI гъечIо. ГIицIго
СихIкъотIи буго сверухъ.
ХъахIлъи балеб мехалда
МоцI кьижизе унеблъи,
МахIачида лъалареб
Балъголъи букIун буго.

# ХIалчIахъвад, Марат

ГьитIинав Маратица
Щуго сон балеб буго,
Амма гъесул гIакъилъи
КIалъазегун вихьизе.
Херай кIудабабае
Кумекалъе ватула,
КIудадае квен босун
Магъилъе гIедегIуна.

ГIанкIутIанчIазеги гъес
Гьекъезе лъим баччула,
ГьитIинаб бечеги гъас
Квен кьечIого толаро.
Щуго сон букIаниги,
Эв вугев цIодорав вас,
Лъимал, нуж киназгоги,
Гъесдаса мисал босе.




***

- Дун рухIдаллъун йикIуна кIудадада, - йилан абуна гьитIинай ГIайшатица эбелалда.

- Щай, дир яс? Дов херлъун вуго, дурин абуни тIубараб гIумру жеги цебе буго.

- Жакъа досул ахирияб ца бортана, тIокIалъ дов гIусал къачIазе ине кколаро.

***

Саламица кIодода абуна:

- ДахIабаба, дие бокьун буго, сонго гIадин, жакъаги мун йокьизе. Гьелъие гIоло дуца, сонго гIадин, жакъаги дие шоколад босизе ккола.

***

- Дир ясикIоялъе бугеб лъикI, - ян абуна Альбинаца. – Гьелъул вац гьечIо, гьей лъицаниги юхуларо.

***

- Кванай карш, дица гьве ахIичIого дуде, - ян абуна Шамилида кIодоца.

- Квинаро. Дуца гьве ахIаниги, гьелъги гьаб кунаро, гьалда бугеб цIамул кутакалъ, - ян жаваб кьуна Шамилица.

***

Бакъ тIерхьунеб бихьарав Рашид векерун вачIана эбелалъухъе.

- Баба, баба! Дида бихьана бакъ мегIералда тIад чIолеб. Гьеб мегIер бухIани, щиб гьабилеб нилъеца?!

***

Шамил ун вукIана тукаде чед босизе. Гьев чедги босичIого, кодоб гIарацги гьечIого нахъвуссун вачIана.

- Чед щай босичIеб? – ан гьикъана кIодоца.
- Тукен къан батана.
- ГIарац кибха бугеб?
- Тукада цере чадил макъар сабаблъун рагъулел ругоан къудкул. Дир гьезда цIакъ ракI гурхIана. Тукен рагьун хадуб нужеего чед босеян гьезда цебе рехун тана гIарац.

***

- Эбел, гьаб мичIчI хъарталъ чIчIараб батила. Гуребани, гьадигIан ссогIабги хIенчолебги букIинароан.

***

- Вай, бугеб лъикI гьал гъутIбузе. Гьазул рукъги гьечIо, кидаго къватIирги рукIуна. Амма дуцайин абуни, эбел, дун кидаго рокъое ахIула, - ян абуна Раисатица.






Цӏвакарал чӏимхазтӏасан,
Цӏумур бан кӏанцӏола лъар.
Лъарахъ гӏодойги биччан
Чахъу буго кваналеб.
Бахараб ххаринисан,
Гажалги рекӏинарун,
Кӏал чӏикӏулеб буго бацӏ,
«Бащдаб къоги ун бугин,
Дир къадеквен киб бугеб? –
Бакъараб бацӏалъ буго
Гьединаб суал кьолеб.
Чахъуги бихьун бацӏил
Кӏалдиб хӏацӏцӏу буго ккун.
Дида дандеги бачӏун,
Ме-мелеб буго чахъу,
Жиб хвасар гьабейилан,
Гьари балеб буго гьелъ.
Дица тетрадь рагьана,
Гьеб пакъираб чахъдае
Дирго кочӏол мухъазулъ
Бакӏ гьабизе гьираялъ.
Чахъдада хадуб гьезе
Хъурмил бажари гӏечӏо,
Кочӏол мухъазул чали
Бахине гьелда кӏвечӏо,
Хъумур нахъбуссун ана,
Чахъу хвасарлъанилан.
Гьединин чӏаго-гӏатӏго
Хутӏун буго доб чахъу.



# Куркьбал ругеб дневник

Дневникалда щуйилал
Щулалъарал къояца,
Школалдаса рокъой
ТIадагьго вуссунеб куц!
Гьанже лъугьараб жо щиб
Куркьбал ругеб дневник,
Дур бакIлъиялъ борхизе
КIоларин дида портфель.
Дида щибго бичIичIо,
Гьениб тIухьи лъурав щив?
Лъана дида, бичIчIана,
Куркьбал рукIараб дневник,
КIийилаз гIодобе цIцIан,
БукIун буго бакI гьабун.




# КигIан лъикI

Кверал рукIинчIел-ани,
Кверал ратичIел-ани,
Лъица гIезабилеб-ан,
Ахикь микьиргун, курак?

Бохдул рукIинчIел-ани,
Бохдул ратичIел-ани,
Лъица нахъа телел-ан,
Гьадалгощинал нухал?

ГIундул рукIинчIел-ани
ГIундул ратичIел-ани,
Бабал кинидахъ кочIохъ
Киндай гIенеккилев-ан?

Берал рукIинчIел-ани,
Берал ратичIел-ани,
Лъиедай кунчIилаан
Зодил жавгьар-маржанал?

# ЦIалдохъабазул асарал

## Бокьула гIагараб ракь

Ниж ккола мугIрузда гIумру гьабун ругел магIарулазул цоял. Росдал тарих чамалиго нухалъ хисун батила дир Сагьада. Ракь цебего гIадин хIалтIизабула гьаниб. Аслияб магIишат хурухъанлъиги гIибоцIухъанлъиги кколелъул.

ЦIунун хутIун руго цояз цоязухъе кьолел гIадатал: щибаб ихдал тIобитIула Оцбаялъул байрам, гьарула гIадатиял бертаби. Школалда тIоритIула гьудуллъи щула гьабиялде ахIулел, вижараб ракьалде рокьи бижизабулел, адабияталъул бицунел тадбирал. ЧIахIиязул адаб гьаби ккола киданиги хиси гьечIеб гIадат. Гьанив мугIалимлъун хIалтIарав Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабасил МахIамадил шагIирлъиялда тIасан «Адабияталъул годекIан» абураб тадбир араб – адабияталъул соналъ тIобитIана нижеца…

Бокьула дие дирго гIагараб ракь.



*ХIамзатов ГIусман, 9 класс.*



## Хисуларо

Хасел тIаде щварабго,
ГIаздакь тIупула росу,
Ихалъ гьеб хисарабго,
ТIогьолъ букIуна росу.
Рооца ханлъи лъейгун,
МахIтIа босула росу,
Хаслихълъиялъ меседил
Кьералъ белъуна росу.
ЛъагIалил заманаби
Тадбиралда хисула,
Хисуларо гIагараб
Ракьалде бугеб рокьи.

*ГIумаханов ГIумар, 9 класс.*

**Учителасул байрамалъул хIурматалда школалда лъазабун букIана «Дир учитель» абураб конкурс. ЦIалдохъабаз жигараб гIахьаллъи гьабуна гьелъулъ. ТIоцебесеб бакIалъе мустахIикъалъана микьабилеб классалъул цIалдохъан Рамазанов Шагьарудинил хIалтIи.**

**(Къокъ гьабураб хъвавул хIалтIи)**

**«...Щив чи кколев мугIалим? Гьеб гIадатияб суалалъе азарго батIияб жаваб кьезе бегьула. Учителас хъвазе ва цIализе малъи гуребги, гьес нилъее кумек гьабула битIараб нух тIаса бищизе. Гьайгьай, шахтер, космонавт, президент куцалев вугевлъи.**

**Щивасул рекIелъ кIудияб лъалкI тола тIоцевесев мугIалимас. Гьеб гьедин букIине кколебги батила. Дица бетIер къулула тIоцеесей мугIалим Раисат Герейхановалъул тIалабчилъиялда ва къохIехьеялда цебе...»**



*Шагьрудин Рамазанов*

**Араб соналъул декабралда школалда лъазабун букIана «ГIагараб ракь» абураб конкурс. ЦIалдохъабаз хъвана харбалги, кучIдулги, рахъана сураталги. Гьедин загьир гьабуна гIагараб ракьалде бугеб жидерго рокьи.**



*МухIамадова Динараца бахъараб сурат, 10 класс.*



*ДибирмуIхамадов ГIисаца бахъараб сурат, 7 класс.*

# Дир катитIинчI



**Нилъер дунялалда тIад**
**ХIайванал гIемер руго,**
**Амма киназдасаго**
**Дий катитIинчI бокьула.**

**Гьеб дунгун басандула,**
**АскIобе бекерула,**
**Кий дун гIодой чIаниги,**
**Хехго кодоб бахуна.**

**Дица гьеб киданиги**
**Бакъун, къечон толаро,**
**Эбелалъ дие тIураб**
**Рахьгицин гьелъий тола.**

*ЦIумада районалъул Эчеда школалъул цIалдохъан*
*Марьям ГIабдурахIманова*

## Махсут Зайнулгlабидов

# Муслим



Муслим, дур цо берцинлъи
Беразда жаниб бугеб!
Жанисеб дунялалъул
Гвангъи бихьула гъениб.

ШагIиралъул василан
Вохула дудаса дун,
Дуца гъелъие кьеги
Кьалбал гъваридаб талихI.

ХIайран гьаруна дуца
Гьайбатал кIиго чагIи –
ГIабасилав ва Савдат,
Сахаватлъи зодилал.

«МахсутI-дацийилан» мун
Дида данде вачIуна,
Дун нуцIихъан жаниве
Ваккулеб лахIзаталда.

Дуца рихьизарулел
Гъунаразухъ ралагьун
РакI рагьун, рохун руго
Рокъор ругел киналго.

Дуе эбел йокьулеб
Рокьи хIайранаб буго,
Биччанте гьеб асаралъ
Дунял рагьизе дуе.

Дунялалда гьеб гIадаб
КIул гьечIо гIакълуялде,
Бакъулаб букIаги дур
ГIадамал хирияб ракI.

КIодо гьавеги дуца
Мун вижарав БетIергьан,
Бохизабеги дуца
Дагъистаналъулго ракI.

КIочон тогеги дуда
Духъе квер кьунщинав чи,
Баркала-кири лъалев
ГIадамлъун лъугьаги мун.

Нилъер адабияталъ
Цо тах буго нахъе тун,
Гьенив гIодов чIолев чи
Щив вукIинев лъаларо.

Гьеб буго ХIамзатовас
Ирсилазе тараб тах.
Щиб лъалеб, дуй насибаб
Батани гьеб бакъул тах.

Дун гIемерал бертабалъ
Тамадалъун вукIана.
Дур бертинги борхизе,
Хвезе бокьилароан.

Биччанте, тамадалъун
Щив чи дур вукIаниги,
Дуца цIунизе лъади,
Даим, бахIарай гIадин.

# Лъайги мажщелги бугев



ХIухьбахъиялъул Рокъоб тIобитIараб ТIолгороссиялъул «ГIелмуялда дир тIоцересел галаби» абураб къецалъулъги АхIмадица бергьенлъи босана.

«Пачаясул майданлъи» абураб Гъуниб бугеб тарихияб бакIалъул хIакъалъулъ «Тарих ва крайлъазаби» абураб хъвавул хIалтIухъги АхIмадил хIаракатчилъиялъе тIадегIанаб къимат кьуна. Гьеб къецалда гIахьаллъулел рукIана Россиялъул шагьаразул 247 школалдаса лъимал. АхIмад гьел къецазда Дагъистаналдаса цого-цо гIахьалчилъун кколаан. АхIмадие щвана тIоцебесеб даражаялъул диплом.

«Лачен» жураналалъул редакциялъул рахъалъ АхIмадида бергьенлъиги баркула, хадубккун гIемерал тIокIлъаби росизе икъбалги талихIги гьарула.

12 сон барав ШагIбанов АхIмад цIалулев вуго МахIачхъалаялъул 9 лицеялда. АхIмад хьвадулаан лъедезеги, дзюдоялдеги. М.Кажлаевасул цIаралда бугеб гьунар тIокIал лъималазул школалде – сурат бахъиялъул дарсаздеги. Гьев гIахьаллъана «БукIинеселде гали» гIелмиябгунхIалбихьиялъул конференциялдаги, ТIолгороссиялъул предметазулаб олимпиадаялдаги, Москваялда Ломоносовасул цIаралда бугеб Пачалихъияб университеталъул ГIелмияб паркалда тIобитIараб «Робомарафон – 2015» тадбиралдаги.

ШагIбанов АхIмадие тIадегIанаб бакI щвана «Роботехникаялда дир тIоцебесеб хIалбихьи» абураб хIалтIухъ – цебе-нахъе хьвадулеб робот гьабиялъе. Россиялъул Президентасул ишазул Управлениялъул «Непецино» абураб лъималазул



# КечI ахIиялъул дарсида

## ТIегь




Дида цо тIегь батана,
ТIезе дун барахщараб.
ТIокIкIарал дир беразда
Берал релълъуна гъелъул.

Дида цо тIегь батана,
ТIезе дир квер хIинкъараб.
ХIинчI гIадинаб дир рекIел
КIутIилъун сорола гъеб.

Сон къаси сордо бецIлъун
Батила тIегь гIодараб, -
Щубил горо бихьула,
Бакъ чIвачIого хутIараб.

Бакъул нуралъ къочидал
Бохун буго тIегь жакъа,
Канаб гъелъул гъурмада
Гьими буго, дир гIадаб.

# Нижер гIисинал гьалбал



*МахIачхъалаялъул №1 школалъул цIалдохъаби Р.ХIамзатовасул музеялдаги*




*«Лачен» журнаялъухъ гьоболлъухъги.*

## ХIажи Гъазимирзоев

# РещтIунге, хIинчI, гонгитIа



Мимидуге, ицико,
Дир эбел кьижун йиго.
ГIегIедуге, хIелеко,
ХIалхьи те дир бабае

Гьелъ дунги каранде къан
Чанги сардал рорчIана.
Дун вущараб кинитIа
Егун макьил гьабуна.

Гьелъ дун бакъутIеги ккун,
Бакъ босизе тIамуна.
Гьелъ дун накIкIaзтIe вегьун,
ЩIад къанцIузе куцана.

Дида гьелъ куркьбал гъуна,
КочIой ругьун гьавуна,
Гьелъул макьу цIунун дун
ЩIодор вукIине ккола.

БачIунге, тIутI, рокъобе,
РещтIунге, хIинчI, гонгитIа,
Нужер гьаракь чIван хадуб,
Хола дир бабул макьу.

# ГIанкIил макьу

ХIотол сумазда гъоркь гъапуллъун бугеб
ГIанкIида их буго макьилъ бихьулеб.
Гьелъул мацIалда тIад гIунччинаб харил
ТIагIамги доб махIги буго бессун чIун.

Гьелъ макьилъ кваналеб буго капуста,
Керчаб лъабгIиналъул берцинал тIугьдул.
ГIедерал квачIаца ракьги нахъе хъван,
Ламадур бахъула, хъабахъ буцIула.

Хъаравул тохлъигун ахикье кIанцIун,
ГъотIол рохтиялъе толаро хIалхьи.
Доба тIадмагIарда гьологун  ниха,
Барахщи гьечIого чIучIуна макьилъ.

Амма жакъа алъул керчал  михъазда
ЦохIого хъвалеб жо гIазуги хIетги.
Анищал рекьулеб кьижараб гьалда
Макьилъ цер бихьана рохьосан баккун.

ГIачIихарал берал чIваркьизе гьарун,
ГьодитIа рачIги лъун, лъутана хIинкъуч.
Цо кIанцIаралъ кIиго мегIер нахъе тун,
Цо бакълъи балагьун ана лъалкIберцин.





# КIвахIалзаби

БукIанила цо кIвахIалзабазул хъизан: эбелги, эменги, васги. Гьезул цо хIамаги букIанила. КъулгIада цун аскIоб мина букIаниги, хIортIе гьекъезе хIама бачун инецин кIвахIаллъулаанила гьел.

Цо нухалъ, къо къалъуде гIагарлъаниги, тIаде рахъинеги кIвахIаллъун, бусалъго рукIанила кIвахIалзаби. Къечонги бакъунги хIункъиялда хIамаги букIанила.

- Жакъа хIама гьекъезе мун ине ккола, - абун эмен чIолила эбелалда.

- Гуро, жакъа васасул ирга букIана, - ян эбел лъугьунила дагIбадизе.

- Сонги гурищ дун ун вукIарав, жакъа нужор цояв ине ккола, - ян вас къацандулила.

- РачIа, гьадинаб къотIи гьабизин: дица лъабгоялде щвезегIан рикIкIина, гьелдаса хадуб тIоцеве рагIи абун кIалъарав хIама гьекъезеги ина. Рази ругищ?! – ан гьикъанила инсуца.

- Рази вуго! – ян ахIанила васас.

- Рази йиго! – ян абунила эбелалъ.

Инсуца лъабгоялде щвезегIан рикIкIанила ва киналго сихIкъотIун чIанила.

Гьоркьоб заман induction, рагьдухъан ахIулеб сас чIванила. КигIан ахIданиги, данде кIалъачIила цонигиял. Цо заманалдасан рагьун нуцIагун, рокъоре лъугьун рачIанила кIигояв – кIиявгоги росулъго цIар арал цIогьал

Рокъов чи гьечIилан ккун жанире рачIарал цIогьаз, цин лъутизе къасд гьабунила, цинги рукъалъул бетIергьабаз щибго ахIи-хIур бахъинабичIелъул, гьадин абун, додин бицун, жидерго гIайиб бацIцIине лъугьанила. Щиб гьез абуниги, кIалъаларила кIвахIалзаби. Гьазулни тIубанго иш лъугIун бихьулиланги ккун, байбихьанила цIогьаз жидерго ругьунаб ишалде – рокъоб бугебщинаб берцинабги лъикIабги къайи къватIибехун баччизе журанила. Ахирги ирга щванила инсуца тIад бараб махмаралъул юргъаналде. Бахъун анила цIогьорас тIаса юргъан. КIалъаларила хважаин.

Бахъанила лъадудасаги хъупил юргъан. КIалъаларила гьанжеги цонигиял.

ПартIан босун анила васада тIасаги юргъан.

Гьанже росасда цIакъго ццин бахъарай лъади ахIдон йиччан танила:

- Огь, дур михъал хIулаяв, кIвахIал! Дудасаго юргъан бахъунги хIехьана дуца. Дурго лъадудаса бахъулелъулги бихьичIеб ххвел гьабун тана. Гьав васасул бусенкъайи бикъулелъулгIаги, кин дуда кIолеб вуцIцIухIун чIезе?!

- ТIоцее кIалъаралъухъ, яхъая, кIвахIалай, мун хIама гьекъезе а, цIогьазул ишни дица тIубалин, - абун хонжроде кIвахIалги вортанила, бугелъубги къайи-цIаги тун, цIогьалги тIурун анила.



# Патимат Малачиева

## Гьури



Огь, мун гьури, мун, гьури,
Дур кIвахI гьечIеб хIалтIи щиб,
Чалтахъалги рахъулеб,
ГъутIбиги рехъерхъулеб.

ТIаладухъан ссурги пун
Печалги свинарулеб,
ТIохтIе рорхарал рогIрал
РагьтIеги ран, хъилдулеб.

Нижеца гIари къараб
РогIол гулал хъамулеб,
Бакъвазе бараб ретIел
КъватI-къватIахъе реххулеб.

Огь, мун, гьури, мун, гьури,
Вай, аман, унго, гьури!



## Гъудул

Гъедогун цIумагъедо,
ЛахI гIадаб чIегIергъедо,
Куркьбал чараб чаргъедо,–
Гъудузул тIолго тухум.

## ЧIакIултIан



ЧIакIултIаналъул чакар,
Чакаралъул чIакIултIан, -
Дир пастIабазул нигIмат,
Бахчабазул берцинлъи,
Хъазацаги тIо-тIолеб,
БуртIацаги бетIулеб.
ТIамхилъ пурщаби тIаме,
ТIагIамаб, гъалал гIурччин.

Рукъигат РАСУЛОВА

# ЦУДУНАБ БЕСДАЛЛЪИ



Сордо нахълъараб гIужалъ мугIрузул кIичI-кIичIарал нухаздасан эхедену-халъ захIматго бахунеб букIана «Газель» машина. Манзил гьоркьоб тун машина лъалхъарабго хадур рачIунел машинабазул читIиралъул цоялъуса къватIиве вахъунев вукIана пашманлъиялъулги къварилъиялъулги квачIикье ккун вукIин бихьулев 11-I2 сон барав гIадав канчIаб кьералъул катIариялъул вас.

Машинаялда аскIове ун, тентги нахъе чIвазабун, гьев балагьулев вукIана хIинкъун макьидаса ворчIарав гIадин, чIагояв чияс жиндихъего квер кьезе хьулалда. Жиндиего хасиятаб гьимигун, бадиве валагьун дада кIалъазе божилъиялда ва щибаб нухалъ сихIкъотIиялъ кверщел гьабураб машинаялъул кузовалъул тентги гIодобе биччан, нахъе—нахъеги къалев вукIана...

Радал-бакъанида чIахIиязда цадахъ къулгьуялде щведалги ракьул цIияб гохIалде щущалел рукIана щобил къатIра гIадал рацIцIадал, рухIарал магIил гарал.

Къуръан цIализе хабатIа тарав чиясе квен босун индалги, хабада цевеги кIусун, ракIбекун гIодун гурони, хабзалалъа нахъеги унароан...

— Къо-мехлъикI, дада. Дун нахъе-нахъеги вачIина духъе, — ян заниялда кверги бахъун, нахъ-нахъги вуссунаго бакIго галаби росана гьитIинго бесдаллъиялъул гьир тIаде бегарав васас, эбелгун цадахъ жинцаго гIумру гьабулеб гIатIиракьалде ине.

Жив вачIиналъухъ рокъов балагьун чIун дада ватилев гIадин, гIедегIизе лъугьана ракI. ХIалакун вукIана дадае нагагьаб балагьалдалъун къадар щвараб бакI бихьизеги...

Бигьагьарун унел рукIана эмен гьечIолъиялъул бакIлъи бачарал сардалги къоялги.

КватIичIого тIаде щвана гьитIинай яц гьаюраб къо.

Кидаго гIадин, яцалъе тортги босун, рази-ракиго, «дир хириял, тIанчIи!» — ян абулаго дада жаниве лъугьун вачIинев гIадин, нуцIикIалтIе ралагьун чIун рукIана лъималазул хьулазул цIурал берал. Амма пайда щиб, вачIунарелъул дада...






Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

1/2016

январь - февраль

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель:
Правительство Республики Дагестан.

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистр. номер ПИ №ТУ5-0025
от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
Мурад Ахмедов



Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
А. МАЛАЧИЕВА (редактор выпуска)



Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера З. Даганов
Художник обложки А. Качаев

Выход в свет 29.03.2016 г.
Тираж 1360экз.
Заказ № 183

Типография: ООО «Издательство «Феникс пресс».
Адрес типографии: 367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»

Адрес редакции и издателя: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.